

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1. Kacindekan**

Tina hasil ieu panalungtikan, kapanggih yén murid kelas X SMA Pasundan 1 Bandung taun ajar 2007/2008 téh loba pisan milampah kasalahan dina waktu nulis téks biantara. Éta kasalahan téh ngawengku (1) eusi, (2) organisasi, (3) gaya basa, (4) kosa kecap, jeung (5) éjahan.

Sabada ngalakukeun panalungtikan dicindekkeun yén siswa SMA Pasundan 1 Bandung dianggap kurang mampu nulis téks biantara siswa. Sabada ngolah data kapaluruh tina 41 siswa ngan 18 siswa anu dianggap mampu nulis téks biantara sésana nyaéta 23 siswa can mampu nulis téks biantara. Lamun dipersénkeun nyaéta 43.902% siswa anu mampu, 56.098% anu can mampu. Ku kituna, anu mampu henteu nepikeun ka 50% atawa masih kurang ti 50%. Berarti anu can mampu leuwih ti 50%.

Dumasar kana kritéria anu dipeunteun nyaéta eusi, organisasi, gaya basa, kosa kecap, éjahan, sarta karapihan tulisan. Dina eusi sakabéh siswa dianggap kurang mampu nétélakeun gagasan. Dina oragnisasi masih kénéh pabeulit nyusun kecap. Dina gaya basa, masih kénéh can merenah. Dina kosa kecap masih kénéh loba kasalahan. Dina éjahan

hampir kabéh siswa ngalakukeun kasalahan boh dina hurup é, e, jeung eu, kitu deui din tanda baca, ogé dina huruf kapital.

## 5.2. Saran

Dumasar kana kacindekan di luhur, dina ieu panalungtikan ditepikeun saran-saran saperti ieu di handap:

- (1) Ieu hasil panalungtikan dipiharep jadi alternatif bahan pangajaran nulis téks biantara, hususna pikeun SMA.
- (2) Ieu panalungtikan dipiharep nambahan informasi ngeunaan nulis umumna sarta nambahan informasi ngeunaan nulis téks biantara hususna.

Disagigireun éta, ieu panalungtikan téh dipangaruhan ku kasang tukang budaya jeung kulawarga. Ku sabab, kulawarga mibanda peran penting dina ngawanohkeun basa indung ka budakna. Murid SMA, sakola Pasundan hususna kudu bisa maké jeung ngagunakeun basa Sunda sarta dijadikeun basa panganteur.

Ieu panalungtikan téh hususna mah medar ngeunaan eusi, organisasi, gaya basa, kosa kecap, jeung éjahan tapi aya tambahanana nyaéta karapihan tulisan. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu nalungtik kasalahan makéna basa Sunda, kalawan dieuyeuban ku data anu teu katalungtik dina ieu panalungtik.

